Хлопонин Александр и псалъэм кьыхигъэщащ Іуэху яубзыхуахэр тхьылъымПэм кьыззэримынэжынур, абыхэм щІыщ дэтхэнэмкІи жэуап зыхьхэр, дэтхэнэ ильэсым сыт зэфІэкІынуми зэрагъэбелджылар.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светлан.
«Российская газета».

Етіанэгъэ щыщІэдзауэ банкхэм ящэжынущ кризисым и зэманым щІыхуэм пэкІуэ мылькуу абыхэм кьаІэрыхьар: фермэхэр, заводхэр, сату щыпІэхэр, ипотекэкІэ кьашэхуну зышыгугъа фэтэрхэр, н.кь.

НОБЭКІЭ апхуэдэ мылькуу банкхэм сом триллиони 2 и уасэ яІэщІэлъщ, абыхэм я процент 70-р бгъэЗэпхъуэ мыхьу мылькуу. Иджыщ ящэ дыдэу а бжыгъэхэр хэІущІыпу щащІар.

ЗэупщІа Іэщ Іагъэлъэм эрыжиІамкІэ, мылькум щІэупщІэ иЗэмэ, банкхэм псынщІэу ирагъэкІынущ а мылькур, яхуэмыщэн кьаІэщІэнауэ кьащІэкІмэ, апхуэдэ «кунэфхэр» зэрагъэри ящІэн хуейщ. Дауэ щымытми, банкхэр мы Іуэхум хилъэфэнукьым.

Банк Нэхъыщхьэм ирегъэз банкхэм кьыззэщІакъуа мылькур ящэжынымк. ЗытрищІыхьри, абыхэм заводхэр ягъэлэжьхэн зэрыхуэмейращ. ЩІыхуэм и пІэкІэ кьаІэрыхьа мылькур апхуэдизкІэ куэдщи, банк нэхъ льэрыхьхэм ящыщхэр промышленно-инвестиционнэ фонд хъуахэщ.

Езы банкирхэми мызэмытІэу жаІащ яхуэзэтрихьа мылькур ящэну зэрыхуейр.

ЕКУКОЛ Еленэ.
«Российская газета».
Тхьигъэр дгъэкІэщІащ.

●Банкхэр

Лей хъуа мылъкур

Псальэм папщІэ, Сбербанкым и унафэщІ Греф Герман гъатхэм жиІащ кризисым къаІэрыхьа мылькур мы гъэм кьрибыдэу ящэжыну зэрыхуейр.

Ящэнур куэд хъу щхьэкІэ, зыщІэхунухэр кьыззэрымыкІуэу машІэу жаІэ мы Іуэхум фІыуэ хэзышІыкІэм. Фабрикэ, завод зиІэхэм я щхьэр щІэузыр а ящІэлъ мылькур хьума зэрыхъунырщ, зэрызрагъэужьыфынырщ, армыхьуэ я иджыри зыгъэрагъэужьынраКъым. Абы къыщынэмыщІауэ, сатур кьызэтрегъэувыІэ хабзэ гъэбелджыла, зэманым декІуу убзыхуауэ зэрыщымыІэми. Араши, банкирхэмрэ къэралу унафэщІхэмрэ мы Іуэхум теуХуауэ я нэхъ пыухыкІауэ зэпсэльэн хуейуэ я кьапэщылъ.

КУКОЛ Еленэ.
«Российская газета».
Тхьигъэр дгъэкІэщІащ.

● Я нэІэ зытрагъэтхэр

Сыт ООН-м къытхуищІэр?

***ООН-р щІыщыІэмрэ абы зэрихуэ Іуэхухэмрэ щымыгъуазэ щыІэу кьыщІэкІынкъым. Ауэ, сыт хуэдизу и Іуэхур убзыхуауэ щымытми, ари хущІокъу щІыху нэхъыбэ, ди планетэм и къэкІуэнур зыхуэдэнум нгъэпІейтейхэр, и гъэныкьуэ кьызэрищІынуф. Сыт ООН-р зыгъэгъуазэр, дауэ абы дэтхэнэ щІыхэри зэрыдэПэныкъуфынур - а упщІэхэм жуаеи кърет ООН-м и Генеральнэ Секретарь нэхъыщхьэм коммуникацэкэмрэ жылагъуэ хъыбарегъащІэ Бмалхэмкі и къуэдзэ Акасакэ Кинтакэ.**

- Зиусхьэн Акасакэ, дауэ зэбгъэуІуфрэ ООН-м и къудамэ хэм я гъжьыгъэр?

- ООН-р - ар тэмэму зэтегъэпсыхьа, зи щхьэкІэ убзыхуа Іэнатіэшхуэщ. Абы хэхьэ ВОЗ, ЮНЕСКО, ЮНИСЕФ, МОТ организацэ щэрыІуэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ, нэхъ зэман жыжьэми нобэ къэхъуми теухуауэ. Псальэм папщІэ, Гаитим и нэгу щІэкІа щІыхьэм и лъэужьыр нэхъ псынщІэу гъэкІуэдыжа зэрыхъуным, щІыуэпсыр хъумэным, ядернэ Іэщэр ямыгъэбгъэуным, н.кь. телажьэ Іэщ Іагъэлъэр дІыІэщ.

- Сыт жыпІэфынур ООН-м и лэжьыгъэр гъэпкъхэм, щІыху кьызэрыгуэкІым ягу зэрыдыхьэм теухуауэ?

- ООН-м и лэжьыгъэм пщІэшхуэ кьыхуащІ, сыту жыпІэмэ махуэ кьэс зетхуэ Іуэхуэхэр щІыхуэхэр зыгъэгузавэм кьыгуэхьыпІэ имыІэу етхащи. Дэ щхьыныгъуэхэмкІэ дадоІэпыкъу Гаитим, Сомалим, нэгъуэщІ къэралхэми; ЮНИСЕФ-м сабийхэр узыфэ хьэльхэм щызыхьумэн хущІэхуэхэр яхрегъальхьэ; зауэм, залымыгъэм, дунейм и къэхуэхьащІэ гуэзэгъэгъуэм кьрихужьа щІыхуэхэм хэщІапІэ кьахуэзыдогъэпэщ. Илъэс кьэс ди щІыхуэхэм къэралзэхуэмыдэхэм щыхасэ жыгъу зы мелард. Мамырыгъэр зыхъуэрэ ди кьаруэгъэ къэрал зыбжанэм щыІэщ, зэпэщІэувахэр «ягъэупщІыІуу», зауэ кьамыгъэ хъуу.

Дэ тщІэ псори ди планетэм зиужьыным, щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуащ. Къэтщтэнщ Урысейр. Ар къэрал зызыужьащ, ауэ узынщагъэр хъумэным и лъэныкъуэкІэ зыпэмыльэщыр мащІэжьым. Псальэм папщІэ, жьэн узыр.

Урысейр зыгъэпейтейхэм ящыщщ и щІыуэпсым и щытыкІэр, щІэпхъаджащІэхэр зэрыетар, гъуэгум кьыщІихьу насыпыншагъэхэм щІыху куэд зэрыхэкІуадэр. Сэ абыкІэ жьыІэну сызыуейр ООН-м зэрІнгъэкІыфым мыхьэнэшхуэ зэрилэрэ дэтхэнэ къэралым и дежкІи.

- ООН-м и лэжьыгъэм дауэ нэхъ пыухьыкІауэ зыщыгбгъэгъуэзэфыну? Щ1ыху кьызэрыгуэкІыр сэбэн кьыфхуэхъуну хуейм, ар дауэ зригъэхъулІэфынуф?

- Компьютер зиІэ дэтхэнэми ООН-м и сайтым зыхуейр кьыщигъуэтыфынущ. Москва щолажьэ ООН-м и Информационнэ центр, щыІэщ библиотекэ, хэт щхьэкІи и бжэр зэІуахуэ.

ДЬЧЕНКЭ Оксанэ.
«Эхо планеты» журнал.

ООН-м зэфІнгъэкІ лэжьыгъэхэм ящыщ зыщ зи льапсэ зыбгынэн хуей хъуахэр махуэ кьэс ягъэшхэныр.

● Сыхъум

ТхакІуэхэм я зэхуэс

Хэхэсхэр кьешлІэжьынымкІэ Къэрал комитетым и конференц-пэщым щекІуэкІащ Абхъаз Республикэм и тхакІуэхэм я XI зэхуэс.

ТХАКІУЭХЭМ я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт, абхъаз хэхэсхэр кьешлІэжьынымкІэ Къэрал комитетым и унафэщІ Мукбэ Анзор зэІущІэр кьызэІуихащ икІи псалъэ иритащ Абхъазым и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Квиниян. Абы жиІащ мурада псори кьанэ щымыІэу кьаззэремыхьулІар, ауэ узыщыгуфІыкІынри зэрымымащІэр. Нэхъыщхьэращи, кьапщытэжа зэманым кьриубыдэу тхылъыфІ куэд дунейм кьытехьащ. Абхъазым и куей псоми литературэ пшыхьхэр щрагъэкІэкІащ.

Литературэ фондым и унафэщІ, абхъаз усакІуэ цІэрыІуэ Чания Терентий кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ илъэс блэкІам сом 1 мелуан Іуэху зэхуэмыдэхэмкІэ кьызэрагъэсэбэпар. Абы жиІащ абхъаз тхакІуэхэм дяпэкІэ Іэмал зэраІэнур Москва пэгъунэгъу «Переделкино», иэгъуэщІ щыпІэхэм урысей тхакІуэхэм щІэ хэщІапІэхэм зыщагъэпсэхуну, щылэжьыну.

«Абхъаз кьэрал тхылъ тедзапІэм» илъэс 50-м щІигъуауэ щылажьэ Бебиа Платон а Іуэхущапіэм и ехьулІэныгъэхэм, кьапэщыт кьалэнхэм я гугъу ищІащ. Абы зэрыжиІамкІэ, кьыдагъэкІыну ягъэхьхэмращ абхъаз литературэр зэфІэзыгъэува, абы и кьуэпсхэм зезыгъэужьа тхакІуэ 12-м я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр.

ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІу хахащ Чанна Терентий. ЗэІущІэм хэтащ АР-м и вице-президент Анкваб Александр, ятэ вице-премьер Лакербая Леонид.

ХВАРЦКИЯ Игорь.
«Общественная литературная газета».

● Ищэнхабзэ

ЩІэблэм къахуэна хъугъуэфІыгъуэр

Кисловодск зэІущІэ щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм щэнхабзэм и фешлъ игъэр хъужа зэрыхъуныр теухуауэ. Абы хэтащ Федерацэмкі Советым Щэнхабзэмкі и комиссэм, щэнхабзэхэр хъумэным и ІэнатІэ щІэт Федеральнэ Іуэхущапіэм, Кавказ Ищхъэрэм Ищхъэр федеральнэ зэгъуэгъуэм и парламентэмрэ правительствэмрэ я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ УФ-м Федерацэмкі и Советым Щэнхабзэмкі и комиссэм и унафэщІ Дзасохов А. С., Щэнхабзэр хъумэнымкІэ урысей Іуэхущапіэм и унафэщІ Кибовский А. В. щыІэ.

ЗэІущІэр кьыщІызэрагъэпэщам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр тхыдэм, щэнхабзэм я фешлъ тельыджэхэу Кавказ Ищхъэрэр зэрыбейр хъумэн зэрыхуейм гу лърагъэтэныр. ЩІэблэм и хэкумрэ и щІыналъэмрэ фІыуэ зилъагъуныкмкІэ, мыбы зыпдыхьыхьаІуэ кьакІуэхэр лъэпкъхэм я зэфІэкІым щыгъуэзэуэныкъуэ зи гугъу тщІы фешлъхэм я мыхьэнэр кьыпхуэмылытэным хуэдизщ.

ЗэІущІэм хэтахэр зэгурыІуащ Щэнхабзэр хъумэнымкІэ урысей Іуэхущапіэм и щІыналъэ кьудамэ Кавказ Ищхъэрэм кьыщызэІуахыну, зытепсэльыхьам теухуа унафэ кьащтащ.

СЕМЕНОВ Егор.
«Северный Кавказ».



Ди республикэм зыщызыплъыхьхэр нэхъ здашэ щІыпІэхэм ящыщщ мы сурэтхэм щыфІыгъуэр.

● ІэщІагъэлІым и псалъэ

ПсынщІэу зыкъэдужьыну жаІэ

Ди экономикэм псынщІэу зыкьыжьыну кьыттреІуэ «Морган Стенли» дунейм щынэхъ ин инвестиц банкым и американ къудамэм и унафэщІ Джон Мэк.

ЭКОНОМИК ЭМ теухуауэ Санкт-Петербургэ щекІуэкІыну дунейпсо зэхьыхьэм (мэкъуауэгъуэм и 17 - 19-хэм) и пэ кьыхуэу Урысейм и гур фІы ищІыну хэтым хуэдэщ Джон Мэк жиІэр: «Урысейм финанс отчетыр щылъэщщ, щІыхуэу кьищтэр мащІэщ. А тІур кьэралым и екьулІэныгъэу кьэпльытэ хьунущ.

Пэж дыдэу, Урысейм щІыхуэу доллар мелард 40 тельуаращ, Альджым (Грециемрэ) итыжьын хуей щІыхуэр хуэдизу 10-кІэ нэхъыбэщ - доллар мелард 400. ЩІыхуэм щІыгъынауэ жьпІэ хьунущ США-ри - доллар триллиони 4.

ЩІыхуэр зэрымащІэр фІыщ, ауэ Урысейм и экономикэм зричын папщІэ нэгъуэщІхэм я мыльку абы кьыхалъхьэн хуейщ. А мылькур зиІэкІэр ди кьэралым щыкІуэным, мыбы я Іуэхущапіэ кьыщызэІуахыным тезымыгъэгушхуэу жыхуаІэр уней мылькур зыхьумэ хабзэ ткІийхэр убзыхуауэ дыз эримыІэрщ.

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Комсомольская правда».

Урысейм икІыу Америкэм Іэпхъуэхэр

мы зэманым мащІэ дыдэ хъуащ

США-м нэгъабэ щІыху мини 5-щ Іэпхъуар. «Ди бжэр» зэрызэІуахрэ иджыщ а бжыгъэр агъуэдау мащІэ щыхъуар. Зэвгъэпщэн папщІэ 1990 гъэхэм ди къэралым щІыху мини 110-м нас илъэс кьэс икІыу щытащ, абыхэм ящыщу мин 20-р - США-м. Ар хабзэм тету хуит ящІаращ, загъэпщкІуу, Іэмалу щыІэр къагъэсабэну нагъуэщІ щІыпІэхэм Іэпхъуэхэм я бжыгъэр зыми ищІэркъым.

США-м и консул нэхъыщхьэу Урысейм щыІэ Ричард Бир «Интерфакс»-м и лэжьакІуэм зэрыжриІамкІэ, зэм хэхъуэу, зэми хэщІыжу щымыту, иужьрей илъэсхэм мащІэ зэрыхъуам кьытенащ а бжыгъэр. Американхэм зэрыжаІэмкІэ, ар щыхьэт зытехъуэр Урысейм и экономикэр зэрефІакІуэрщ.

ЖьаІэн хуейщ американхэм яхэтІысхьэхэр зэрабжьмрэ дэ дыдэрыбжэмрэ зэрызэтемыхуэр. Псальэм папщІэ, 1996 гъэм Урысейм икІыу Америкэм щІыху мин 20 Іэпхъуауэ я кьыщабжащ а къэралым. Ди МВД-м и бжыгъэр мин 12-м тІэкІу щІигъуу аращ. СССР-м кьыщалъхуа Іэпхъуэпапхъуэхэр Урысейм икІыІ я кьалытэу зэрыщытаратэнщ а бжыгъэхэр зэщхьэщызыгъэкІыр.

ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ Федеральнэ ІэнатІэм и унафэщІРомодановский Константин зэрыжиІамкІэ, Урысейм щІыхуу кьыхэхъуэр зэрымащІэм епха гукъэуэщхуэр нэгъабэ «зыгъэщэбар» щІыху мин 227-рэ ди къэралым кьызэрыІэпхъуэрщ. Абы и фІыщІэкІэ Урысейм процент 1,5-кІэ нэхъыбэ щІыхуу кьыхэхъуащ, хэщІам еплъитмэ.

Гукъэуэшхуэщ хэкум иІэпхъуэКІхэм я нэхъыбэр щІэныгъэрэ ІэщІагъэкІэ тхъэр зыхуэупсауэ кьэплъытэ хъунуэр зэрыарар. Псальэм папщІэ, къэралым учІыф зэрыхъуу, ди щІэныгъэлІ мини 100-м ар кьытэсэбэпащ. «Майкрософт» фирмэм и патентхэм я Іыхьэ щанэр кьыхуэзылэжьар урысей щІэныгъэлІхэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэкІэр куэд дыдэ мэхъу, кьеббжэкІын къудейри кІыхьыу.

НобэкІэ США-м нэхъ щІэупщІэ Іэщ Іагъэхэм ящыщщ автомеханикхэр, программистхэр, шоферхэр, дизайнерхэр. Дохутырхэм, юристхэм, финансистхэм абы лэжьапІэ щагъэуэтнукъым, я Іэщ Іагъэм щІэрыщІэу хуемыджэжмэ. Ауэ зэфІэкІ зиІэ щІэныгъэлІхэм, япэми хуэдэу, дэни кьыщыпэлъэ.

Урысейми Іэщ Іэкіар кьыгурыІуэжауэ, бжьыхьэ кІуа льандэрэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр еубзыху щІэныгъэлІхэр кьыдэхьэхьэкьыныр теухуауэ. ЕкъулІэныгъэ гуэрхэри щІэІэу жьпІэ хъунущ. США-мрэ Германиемрэ щІэныгъэлІ бжыгъэ гуэр кьикІыжащ, ауэ а кьэралхэм щаІыгъ ІэнатІэхэри яутІыпщакъым.

Америкэм и мурадкъым кьэхъум епльу щысыну. Илъэсибл нэужьым аргуэру Урысейр хигъэхьэжащ грин-кард зиритхэм: теКІуэр хуит ящІ Америкэм щыпсэуну, щылажьэну, илъэситхУ дэкІмэ, США-м и паспорт кьыдихьну. Абы урысей щІэныгъэлІхэр аргуэру тригъэгушхуэнкІэ хъунущ я хэкур ябгьнэным. Хэту пІэрэ текІуэнур?

Пэжщ, Америкэращ нэхъыбэм я пльапІэр, ауэ Израильмрэ Германиемрэ абы кьызэрыкІэрыхьу щыІэкъым, кьапщтэмэ, Израильм щІыху мин 60, мыдрейм - мин 70 - 80 зы илъэсым щыІэпхъуэ кьэхъуащ.

Псори зэхэту Израильм (и ныкъуэри США-м) квотэкІэ мин 870-рэ Іуэхущ 1980 - 1990 гъэхэм. Іэпхъуахэм я Іыхьэ щанитІыр нэмыцэт, 90 гъэхэм Урысейм куэду икІащ алыджхэри.

ЕЛКОВ Игорь.
«Российская газета».

Дапщэ щІэттыр тутыным?

Фигу къэзгъэкІыжыщ, накьыгъэм я 31-р тутын емыфэным кьыщыхуражэ махуэу дуней псом кьыщащтащ.

ТУТЫНЫМ ахьшэ у щэттыр кьэдбжьынти. 2009 гъэм Урысейм кьыщІэгъэкІащ тутын мелард 409,2-рэ. Къэралым тутынафэу исыр, зэрыхуэгъэфащэмкІэ, щыху мелуан 40 мэхъу. Тебгуашэмэ, дэтхэнэ зыми махуэ кьэс тутын 28-рэ хуоэз. КуэдыІуэхэз? Шэч хэмылъу. Ауэ «Урысейм тутыну щащІым и процент 15-р гъэпщкІуауэ ди къэрал гъунапкъэм ираш, - жеІэ Тутын кьыщІэзыгъэкІхэм я ассоциацэм и унафэщІхэм ящыщ Дашевский Кирилл.

Тутынир нэхъ кьыпхуэщэхухэм ящыщщ, адрей хьэпшыпхэмрэ хуэІуэхуэщІэхэмрэ епльытмэ. Йужьрей илъэсиз 10-м электроКьарум (электрохьэку зыщІэмыт фэтэрхэр зэкьуту) и уасэр хуэди 10-кІэ, цементыр хуэди 5-кІэ нэхъ льапІэ хъуащ. Фильтр зыпылъ тутыным (Урысейм щащІым) и уасэм хуэдитІщ хэсъ щр. АтІэ унафэщІхэм жаІэу дэ зэхэтхыр щыхум

дежкІэ мыхьэнэзыгъэ зиІэ хьэпшыпхэмрэ хуэІуэхуэщІэхэмрэ я уасэр хэмыхьуэу зэтрагъэныр я кьалэну кьыззэралъытэщ. Ауэ, кьыззэрыщІэкІымкІэ, тутынир нэхъапэщ псоуальапхъэхэм нэхъырэ. Абы щыгъуэми, щыпсэун унэ зимыІэхэм, жьы дыдэ хъуахэр щІэкІэ зэзымыхьэхэкІыфхэм я бжыгъэр Урысейм и щыхуэм я процент 60-м нэсащ. Тутын йофэ щыхъуэхэм я процент 63-р, щыхубзхэм я процент 19-р. Щыхуэхэм я псэукІэмрэ узынщагъэмрэ зыхуэдэр щыщІапщІтыкІым наІуэ кьэхъуащ тутын ефэхэр щІэх-щІэхьурэ зэрысымаджэр (эи ныбжьыр илъэс 35-м щхьэдэхахэм я деж ар щынэрылъагъу дыдэщ. Тутын ефэм и гъащІэм щыщу процентн 10 - 15-р floкІуэд, лышх, инфаркт, инсульт узыфэхэр ІэпэтІу хуохьури.

Уи гур зыгуэркІэ зыгъэфІщ лышх зыпкъргыпм ар кьызэрищІэу зэуэ тутыныр хьэфІидзэмэ, узыфэм текІуэфынкІэ зэрыхьунур. Дохутырхэм зэрыкаІэмкІэ, зи тхьэмбылым лышх кьыхьхьахэм я процент 63 - 70-м загъэхъуакІуэ ящІэ зиІэ floкІ.

● Узыншагъэ

Урысейм и щыху мин 350-рэ илъэс кьэс тутыным егъаІэ. Мы Іуэхум елэжь щІэныгъэлІхэм кьызэралытэмкІэ, мин бжыгъэхэр ажалым щыпхьумэн фынут тутынхэм я уасэр зэуэ драгъэуеямэ. Нэгуэгъу щІэралхэм абы теуХуауэ ящІам укІэлыпльпмэ, тутыныр льапІэ щыхьыкІэ, абы ефэу щытахэм я процент 10-м нэсым зэуэ ядфІадзэ. Псальэм папщІэ, илъэскІэ уэЗЕбэкІыжмэ, Польшэм тутыныр щамыгъэльапІэу хъуакъым, и налог кьыхэхьыкІэр Евросоюзым ейм хунгъэкІуэн хуейти. Тутынафэхэм абы щхьэкІэ пэкІуэкр ирагъэкІуэкІакъым, езы кьэралми тутыным кьыпэкІуэ налогыу кьыхихар хуэдитІкІэ нэхьыбэщ, Урысейм кьыІэрыхьам еплъитмэ.

Европэм тутыным нэхъ машІэ дыдэу щиуасэм хуэдизымкІэ (ди ахьшэмкІэ сом 55-рэ) Урысейм тутыныр щащтэмэ, сабий кьызыхэхьуам зэ етыгъуэу иратыр сом мин 50-м пхунэгъэсынут (ди кьэралым илъэс кьэс кьыщІэхьу сабий мелуан 1,7-м нэс). А псом ихьынур сом мелард 68-рэт е тутын акцизхэм кьат хэхьуэм и процент 20 - 75-щ.

ЇэщІагъэлІхэм кьыззэрабжамкІэ, УФ-м тутыну щащхэр и зэхуэдитІкІэ нэхъ машІэ хъуми, бюджетым и хэхьуэр сом мелардти 130-м и кІэ кьэкІуэнукъым. Зэвгъэпщэн папщІэ: «Узынщагъэ» зыщІаща льэпкъ проектым 2009 гъэм хуХаращ сом мелардти 111,9-рэщ. Польшэм и щапхъэм дрикІуэмэ, 2012 гъэм бюджетым илъэс кьэс кьыхэхьуэнущ сом мелард 300-м щІигъу. Мы Іуэхур тхуэзэфІэхатэмэ, илъэси 5 - 7-м къриубыдэу тутынафэхэм я бжыгъэр мелуан 25 - 28-м кьыщыувыІэнут (ар балигъхэм я процент 20-щ), псом нэхърэ нэхьыщхьэращи, тутыным кьыхэкІ узыфэ хьэльхэм ильэс кьэс кьыІэщІэтхьфынут цыху мин 80 - 100 хуэдиз.

МИШИНЭ Еленэ.
«Московский комсомолец».

Напэкіуэціыр зыгъэ хьэзырар ШИДИЙ Маринэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Я насыпыр ирехъу кІыхь

●Щапхъэ

Зэщхъэгъуэхэу Мэрщэнкъуе Хьэсэнбийрэ Къалмыкъ Зухрарэ. *2010 гъэ*

СТУДЕНТУ институтым сыщІэсу, пщыхьэщхьэ гъэрым абы щрагъэкІуи кІырт щІалэгъуалэм я зэлъащІэ, конференц щыкІэу ягъэхьэзырауэ. Зытепсэлъыхьыр гурыщІэ, гухэпъ къабзэр зищІысымрэ а лъапІэныгъэм цІыху гьащІэм щІнІыгъ увыпІэмрэт. Щалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ дихьхьыу я Іуэху епльыкІэхэр къаІуатэрт, я гупсысэхэмкІэ зэхъуажэрт. ЕгъэджакІуэхэри жьыджэрт. А пщыхьэщхьэм зэ хэсхэхэм ящыщу нобэр къыздэсым Іэфіу си гум кьынэжащ Мэккуу щыщ профессор Гриневич (и цІэр къыСхуэщІэжьыркъым) жиІа мы псалъэхэр. «Цыхьэр насыпым хэуэгъащэр гурыщІэ пэжыриц, гухэпъ къабзэрщ. Фэ фыщІалэщ, фи псы къэжьгъуэщи, ар зэи зыщцымыгъэгъупщэ, абы уепцІыжауэ фІым ухуэзэнуькъым».

А псалъэ Іущхэм япкърыпъ гупсысэ узынщэхэр зи гум фІы иПъ псомиКъаэрыдекІуэкІым щэч кІыетесхьэркъым. Абы и щыхьэтщ мы тхыгъэр зытеуХуа унагъуэм щызекІуэ хабзэр, гъэсэныгъэ дахэр, цІыхугъэмрэ адыгагъэмрэ.

Зи гугъу сщІынур Зеикъуэ къуажэщхъуэм щыщ Мэрщэнкъуе Хьэсэнбийрэ Къалмыкъ Зухрарэ я унагъуэ Іумахуэрщ. Абыхэм ноби я нэгу щІокІ икІи къыпещэ гурыщІэ къабзэм, я кум дэлъ пэжыгъэм, нэмысым зэрыкъыдмыууэ я гъащІэр нэхъри дахэ, бжьыфІэ зэрищІыр. Зэщхьэгъуэхэм дэрэжэгъуэ яІэу иджыблагъэ ягъэлъапІащ зэрызэдепсэуэр иІъэс 50 щрикъу махуэр. А гуфІэгъуэм я гуапІэу хэтащ я Іыхьлыхэр, кьыдалъхуахэр, я ныбжьэгъуфІэхэр. Псоми хъуэхъу гуапэкІэ зыхуагъэзащ, я гъащІэр тыншу, насыпыфІэу дяпэкІи кущэрэ кьызздекІуэкІыну зэрагуапэр къыхагъэщащ.

ИІъэс 50 и пэкІэ Хьэсэнбийрэ Зухрарэ Зеикъуэ курыт школым щІэзэрыцІыхуааУэ щытащ. Унагъуэ зэрыхъу лъандэрэ гурыщІэ къабзэ я кум дэлъу кьызздогъуэгурыкІуэ, ипэжыпІэкІэ насыпыфІэ зэдэхъащ, сыт и лъэныкъуэкІи я Іуэху зэпэщу, зэгурыПэуэ зэдэгъэІуэжу зэдопсэу.

Хьэсэнбий и адэ Хьэбалэ щІэныгъэ иІэт, жьыпэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм жьыджэру хэтт, пщІэ зыхуащІ щІалэ лъэрыхьу къуажэм дэст. Аущ фашист зэрыпхъуакІуэхэм мамыр гъащІэр кьыззэпаудри, къэралыр мафІэ лъпхъэм хадзащ. А пСэзэпытьхьэпІэ лъэхъэнэ хьэлъэм Хэкур кьыщедкъэм, и къуажэгъу куэдхэми хуэдэу, Іэщэ кьищтэри бий ерум пэщІэващ. Ар ящыщщ Сталинград кьалэр зыхъуумахэм, пІалъэкІэ яубыда советыщІыр, Чехословакиер, Венгриер хуит кьэзыщІыжакэм, зэрыпхъуакІуэхэр я гъуэм изыгъэкІыжьакэм. А псоми я щыхьэтщ кьыщыкІуэжам и бгъэм хэпха дамытэ пъапІэхэр. Абыхэм яхэтщ Багъуэ Пъпыжь ордену тІу, медаль зэмылІэужьыгъуэу 10-м нэс. Апхуэдэу маршал Жуковым кьритаУэ щытащ и цІэр зытетхэ фэеплъ кІэрахьъэ. Хьэбалэ мыхъ-мытІэу уІагъэ хуащ, капитану взводым, ротэм я командиру зэуащ. Дзэм кьыхэкІыжа нэужь, мамыр гъащІэр зэтегъэуВэжьыным жьыджэру хэтащ, и зэфІэкІым кьыпэкІуэу ресПубликэм и Совет ПэхьащІэхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхыІъ, нэгъуэщІ дамыгъэхэр, фІыщІэ куэд кьыхуагъэфэщащ, щІэблэр гъэсэным и Іуэхум и гуащІэщхуэ хиПхьащ. Мис апхуэдэ хэкупсэм, лІы Іуцым и бынщ Хьэсэнбий. Аращ и кьуажэгъуэм щІыжаІэр: «И адэ Хьэбалэ ещхь хьужащ и щІалэрэ». АтІэ ар насыпышхуэкъэ?

Иджы езы Хьэсэнбий сытепсэлъыхьыну сыхуейт. 1943 гъэм, Хэку зауэшхуэр екІуэкІыу, я кьуажэм дэта иІъэсибл еджапІэм щІэтІысхьэри хъарзынэу кьиуакащ, итІанэ иІъэсипщІ школым кІуащ. Курыт щІэныгъэ зригъэгъуэрти, зы иІъэс хуэдизкІэ физкультурэмкІэ егъэджакІуэу щытащ. ИужькІэ иІъэсищым щІигъэкІэ советыдзэм кьулыкъу щищІащ икІи офицер цІэр кьыфІащауэ пщІэ иІэу кьиГъэзэжащ.

ЩІэныгъэм, Іэщ1агъэм дихьхэ щІалэм и хъуэпсапІэр кьехъуІащ, 1958 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэралым университетым тькІымкІэ и факультетым щІэтІысхьэри, ар екъуІэнныгъэкІэ кьиуакащ, иІъэсибл школым щригъэджащ. ИужькІэ Іэнатіэ зыбжанэ ихъуэжащ. Мэрщэнкъуе лэжьащ Зеикъуэ школ-интернат №1-м и унафэщІым и къуэдзэу, кьуажэм и курыт еджапІэм и тхьмадзу, куейм щІэныгъэ ІуэхуэхмкІэ и Іэнатіэм и Іэтащхьэу, Бахъсэн кьалэм дэт школ-интернат №3-м и нэхъыжьу. 1986 гъэм щыщыІэдзауэ 1998 гъэ пщІондэ а Іэнатіэр щІыхь пылъу ирихьэкІащ.

Хьэсэнбий Герцен А. И. и цІэ зэрихьэу Ленинград дэт педагогикэ институтри кьиуахащ. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм кьыщыхьа екъуІэныгъэхэм кьапэкІуэу Мэрщэнкъуелым дамыгъэ пъапІэу, щытхъу тхьлъу, фІыщІэу куэд кьыхуагъэфэщащ. Абы КъБАССР-м и Совет Пэхьащхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхьлъ кьратащ, «РСФСР-м щІыхьэм щІэныгъэ псоми кьыщыхьаха командэ нэхъ лъэщ дыдэу 32-рэ, командэ пЛІырыпЛІ зыхэт гупийуэ гуэщауэ. Мазэм нэблагъэкІэ зэхэтыну зэхьэзэхуэм наІуэ кьыщынущ дуней псом щынэхъ лъэщ командащ.

1904 ГЪЭМнакьыгъэм и 21-м Париж кьыщыззрагъэпэщагъэ щытащ Футболымкіэ дунейпсо федерацэ (ФИФА). Абы и япэ зэІуцІэхэм ящыщ щым кьыщыхьалхьат дуней псом футболымкІэ и командэ кьыхэха нэхъ лъэщ дыдэр зэхэгъэкІыныжмкІэ зэхьэзэхуэр зэрырагъэжьІуэкІыну щыкІэр. Арщхьэкіэ, федерацэ кьыззрагъэпэщагъащІэм абы текІуэдэну мылькур хуэзэхуэхьэсакъым икІи а ІуэхугъуэфІщ пІалъэкІэ тхьылымпІэхэм кьинэжащ.

Кьэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я командэ кьыхэхахэм я кьару зэхэгъэкІыпІэу нэхьапэм щыІар Олимп Джэгухэрщ. Ауэ абы хэтыну хуитыр футболыр зи Іэщ1агъэу щымытхэрт икІи топ джэгуныр Іэщ1агъэу куэд дыдэм кьыззрыхьахьм ФИФА-м и лэжьакІуэхэр нэхъ иригъэгупсис хьуащ дуней псом и футболист І1эзэхэр зыхэтыфІыну зэхьэзэхуэу кьыззгъэпэщыным.

Апхуэдэ зэпеуэм пэгъунэгъу дыдэ щыхьуар 1924 гъэм Париж щекІуэкІа Олимп Джэгухэм иужькІэщ. Абы хэтащ футбол командэ 22-рэ икІи яп1э дыдэу зэхьэзэхуэм ирихьэлІа Уругвайм и лІыкІу экэр псоми ятекІуэу я щытащ. Дэтхэнэ зы зэІуцІэмэ хуабжьу дихьэхыу епльащ щыху мелуанх эр икІи гурыІуэгъу э хьу ащ футболыр адрей спорт лІэужьыгъуэхэм икъукІэ зэращхьэхар.

1926 гъэм ФИФА-м и кьыкІэпльыкІуэ конгрессым кьыщІэтащ футболыр Олимп Джэгухэм я кьупхьэхэм зэрыпхуимыгъэззгъэжьыну. Абы кьрикІуэу Футболымкіэ дунейпсо федерацэм и гъэззщІакІуэ комитетым кьыззригъэпэщ комиссэм и пщэ иралъхьащ Дунейпсо кубок зэхьэзэхуэр зэрейСащІыну Іэмалхэр кьыщытегъэІуэн. ИльэситІ дэкІри, Дунейпсо зэпеуэр зэрекІуэкІыну и унафэ Амстердам кьыщащтащ.

Зэи къэмыхьуа зэхьэзэхуэ тельыджэр яп1э я кьэралым щрагъэкІуэкІыну щІэхьэуэпсыр Италиер, Испаниер, Швециер, Голландиер, Уругвайр. ИкІэмикІэжьым Уругвайр текІуащ. Абыкіэ тегъэщІапІэ лъэщ хьуащ ар иужьрей Олимп Джэгугъуитім зэрыщытекІуэм ФИФА-м кьигъэув мыльку Іуэхугъуэхэр ягъэззщІэну а кьэралгъуэм и лІыкІуэхэм я пщэ зэрыдалъхьэжамрэ.

ФИФА-м и кубокыр игъэхэхэзэрыны хуагъэфэщащ франджы дыщэкІ Лефлер Абель. Дыщэм кьыхэщыкІа Кубокым сантиметр 30 и лъагагът, килограмми 3,8-рэ и хьэпІагът.

1970 гъэм Бразилием и командэ кьыхэхэр ещанэу дунейпсо чемпион хьуащ. Зэхьэзэхуэр зэрырагъэкІуэкІ хабзэм ипкъ иткІэ, кубокыр абыхэм игъащІэкІэ зэрахьэну ираташ. АрщхьэкІэ иІъэс пщыкІущкІэ фІэкІа кьэхуэрыкІ - Іэщ1кІэ зэщІэуэзэда хьунщІакІуэхэм ар ядыгъуащ икІи ягъуэтыжакъым. Щы-мыкъум, суРэтхэм епльурэ, кубокым ещхь дыдэу ящІауэ зэрахьэ.

1974 гъэм кьыщыщІэдзауэ щыІэр зэІущІэмэ хуабжьу дихьэхыу епльащ щыху мелуанх эр икІи гурыІуэгъу э хьу ащ футболыр адрей спорт лІэужьыгъуэхэм икъукІэ зэращхьэхар.

1926 гъэм ФИФА-м и кьыкІэпльыкІуэ конгрессым кьыщІэтащ футболыр Олимп Джэгухэм я кьупхьэхэм зэрыпхуимыгъэззгъэжьыну. Абы кьрикІуэу Футболымкіэ дунейпсо федерацэм и гъэззщІакІуэ комитетым кьыззригъэпэщ комиссэм и пщэ иралъхьащ Дунейпсо кубок зэхьэзэхуэр зэрейСащІыну Іэмалхэр кьыщытегъэІуэн. ИльэситІ дэкІри, Дунейпсо зэпеуэр зэрекІуэкІыну и унафэ Амстердам кьыщащтащ.

Зэи къэмыхьуа зэхьэзэхуэ тельыджэр яп1э я кьэралым щрагъэкІуэкІыну щІэхьэуэпсыр Италиер, Испаниер, Швециер, Голландиер, Уругвайр. ИкІэмикІэжьым Уругвайр текІуащ. Абыкіэ тегъэщІапІэ лъэщ хьуащ ар иужьрей Олимп Джэгугъуитім зэрыщытекІуэм ФИФА-м и кьыгъэув мыльку Іуэхугъуэхэр ягъэззщІэну а кьэралгъуэм и лІыкІуэхэм я пщэ зэрыдалъхьэжамрэ.

ФИФА-м и кубокыр игъэхэхэзэрыны хуагъэфэщащ франджы дыщэкІ Лефлер Абель. Дыщэм кьыхэщыкІа Кубокым сантиметр 30 и лъагагът, килограмми 3,8-рэ и хьэпІагът.

1970 гъэм Бразилием и командэ кьыхэхэр ещанэу дунейпсо чемпион хьуащ. Зэхьэзэхуэр зэрырагъэкІуэкІ хабзэм ипкъ иткІэ, кубокыр абыхэм игъащІэкІэ зэрахьэну ираташ. АрщхьэкІэ иІъэс пщыкІущкІэ фІэкІа кьэхуэрыкІ - Іэщ1кІэ зэщІэуэзэда хьунщІакІуэхэм ар ядыгъуащ икІи ягъуэтыжакъым. Щымыкъум, суРэтхэм епльурэ, кубокым ещхь дыдэу ящІауэ зэрахьэ.

1974 гъэм кьыщыщІэдзауэ щыІэр

ЗэІущІэхэр щекІуэкІыну стадионхэм я теплъэр.

● Дунейпсо зэпеуэ

Бразилиера хьэмэ Аргентинэра?

Футболымкіэ дунейпсо чемпионатхэр ирагъэкІуэкІын зэрыщІадзэрэ мы гъэм яп1э дыдэу Африкэ щІынальэм хиубыдэ ЮАР-м щокІуэкІ ХІХ зэпеуэм и кІэухэхьэхуэхэр. Пщэдей, мэкъуауэгъуэм и 11-мщІэндзэ зэпеуэшхуэм хэтыну зэхуэсаш ЩІы хьурейм и щІыпІэ псоми кьыщыхьаха командэ нэхъ лъэщ дыдэу 32-рэ, командэ пЛІырыпЛІ зыхэт гупийуэ гуэщауэ. Мазэм нэблагъэкІэ зэхэтыну зэхьэзэхуэм наІуэ кьыщынущ дуней псом щынэхъ лъэщ командащ.

Дунейпсо зэпеуэм и кубокыр.

нэгъуэщІ теплъэ зиІэ Кубокыр. Иджы ар зэІэпахщ. Ит алием щыщ Газзанигой Сильвио и ІэдакъщІэкІэр кьызыхэщыкІар зэрыщыту дыщэщ икІи адрейм ЮфІэкІ - и льагагър сантиметр 36-рэ, и хьэльагъыр килограмми 4,97-рэ мэхъу. Зэпеуэм щытекІуэжам дыщэм кьызыщыкІа Кубок зэІэпахым кьыдэкІуэ, абы хуэдэ дыдэ теплъэ зиІэ, дыщэпс тегъэлъэдауэ ираташ.

Ди жагъуэ зэрыхьунщи, мы гъэм ЮАР-м щекІуэкІыну ХІХ Дунейпсо чемпионатым ди кьэралым и командэ кьыхэхар кІуэфакъым.

Псори зэхэту екІуэкІа дунейпсо зэпеуэ 18-м нэхьыбэ дыдэрэ (тхуэнейрэ) Бразилием и командэ кьыхэхар щытекІуащ.

ГъэщІэгъуэнрэщи, 1962 гъэм кьыщыщІэдзауэ Дунейпсо чемпионатхэм гъуэрыгъуэрэ пашэныгъэр щаубыд Америкэ Ипщэмрэ Европэмрэ хиубыдэ кьэралхэм я командэ кьыхэхахэм. 2006 гъэм Германием щызэхэта зэпеуэм щытекІуащ Италиер, А щытыкІэм тету екІуэкІмэ, мы гъэм Кубокыр эыІэтынур Бразилиерщ е Аргентинэрщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дунейпсо чемпионатхэм щытекІуа къэралхэр

Илъэсыр	Щекіуэкіа къэралыр	Чемпион хъуар
1930	Уругвай	Уругвай
1934	Италие	Италие
1938	Франджы	Италие
1950	Бразилие	Уругвай
1954	Швейцарие	ФРГ
1958	Швеце	Бразилие
1962	Чили	Бразилие
1966	Англие	Англие
1970	Мексикэ	Бразилие
1974	Германие	ФРГ
1978	Аргентинэ	Аргентинэ
1982	Испание	Италие
1986	Мексикэ	Аргентинэ
1990	Италие	ФРГ
1994	США	Бразилие
1998	Франджы	Франджы
2002	Японие/Корее	Бразилие
2006	Германие	Италие
2010	Африкэ Ипщэ	?

● Гъуаздж1э

Ныбжьыщ1э зэчиифІэхэр

2009 - 2010 гъэ еджэгъуэм кьрибыдэу ирагъэкІуэкІа «Хуэхьныгъэхэр - сабийхэм я кІэІ» республикэ зэхьэзэхуэр зэхуащІыжащ. Зэпеуэр кьызэзыгъэпэща комитетым, КъБР-м и Спортымкіэ, ди республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм я Лыкіуэхэр хэту кьащыщытэкащ абы кьрикІуэр.

Я ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР нэхъыфІ дыдэу кьалытащ, сом мини 3 хьу ахьщ1 саугъэтымрэ ираташ Бозиев Алинэрэ (ильэс 13, Шэрдэж районым ныхьхъэ Бабугент къуажэм Батчаевым и щІэр зэриІхьэу дэт курыт школым и еджакІуэ) Дадаев Динарэрэ (ильэси 9, Май кьалэ курыт школ №3-м и еджакІуэ). Бахъсэн районым ныхьхъэ ХьэтІохьущыкъуей кьэужьыкъэ дэт пэщІэдзэ еджапІэ - сабий гъэсапІэ Іуэхущ1апІэм щыщ, ильэси 6 зи ныбжь Іэпщэ Алан, Налшык кьалэ курыт школ №15-м и еджакІуэ Бабаевэ Алинэ (ильэси 8), Сабий творчествэмкІэ район унэу Май кьалэм дэтым и гъэсэн Байрамовэ Севилэ (ильэс 13), Тырныауз кьалэм Сабий творчествэмкІэ унэм и гъэсэн Снигиревэ Кристинэ сымэ ещанэ саугъэтыр, сом 1.500-рэ хьур, ираташ.

Зи Іэдакъщ1экІэхэр дахэ дыдэу, гу зылыдтапхьэу кьалытатхэу Абуцаевэ Екатеринэ (Май районым щыщ Котляревскэ станицэм и курыт еджапІэ №8), Алтухэвэ Иринэ (Прохладнэ кьалэм дэт сабий художественнэ школым щ1эсщ), Жанатаевэ Лейлэ (Налшык кьалэ курыт еджапІэ №15), Журт Залинэ (Тэрч кьалэ курыт еджапІэ №3), Щоджэн Іэсият (Май районым ныхьхъэ Октябрьскэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ №6) сымэ тыгъэхэр хуащ1ащ.

Гъэуздэжм хэлъхьэныгъэфІхэр хуащ1ынкІэ узыщ1ыгуэ хъуну ныбжьыщ1эхэм ираташ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЗэхахІуэ комиссэм и щІыхь тхылъхэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

КъБР-м и командэ къыхэхам и текІуэныгъэ

● Бокс

Урысейм и щІалэгъуалэм я гъэмахуэ спартакиадэм и етІуанэ Іыхьлыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щытекІуэкІащ щытекІуащ бокСымкІэ спортым и мастер КІэрэф Тимур. Ар УФ-м щІыхь зиІэ и тренер КІуэдзэкъуэ Анатолэ и гъэсэнщ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэ къыхэхам очкои 182-рэ зыІэригъэхьэри, спартакиадэм еханэ увыпІэр щиубыдащ.

Я хьэпІагъ елъытауэ зыхэта гупым етІуанэ увыпІэр къыщІахьмыирэ Балтаев Назирэ ещанэ хъуащ. Ахэр тренерэхэу Іэмин Мирза, Гуртуев Аскэрбий, Взрокъуэ Юрэ, Гулиев Малик сымэ я гъэсэнхэщ.

Урысейм и студентхэм я командэ къыхэхам хэт КІэрэф Тимур къэралым и ефакІуэхэм я чемпионатым и кІэух зэхьэзэхуэу мы мазэм и кІэм Пензэ кьалэм щекІуэкІынум зыхуеГъахьэщІ.

УЭРДОКЪУЭ Идар.

● Гу зылытапхъэ

Іэщ1агъэ зэвгъэгъуэт

«Потребкооперацэмкіэ Белгород дэт университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт егъэлІэн и Іуэрдамэу Налшык щыІэм щеджэнхуэр (мы лажьэу е зэрыльажьэм хуэдэурэ) кьещтэ мы Іэщ1агъэхэмрэ унэтІыныгъэхэмкіэ:

профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэм и программэмкіэ:
- социальнэ лэжьыгъэмкіэ;
- финансхэмрэ кредитымкіэ;
- бухгалтер учетымкіэ, анализымрэ аудитымкіэ;
- Іуэхущ1апІэм и менеджментымкіэ.

бакалавриатым зэрыщрагъаджэ унэтІыныгъэхэмкіэ:
- социальнэ лэжьыгъэмкіэ;
- экономикэмкіэ;
- менеджментымкіэ;
- туризмэмкіэ.

курыт профессиональнэ щІэныгъэм и программэхэмкіэ:
- правэмрэ социальнэ зэІэпыкъуныгъэ къызэгъэпэщ1ынымкіэ;
- экономикэмрэ бухгалтер учетымкіэ (*ІэнатІэ щхьэхуэхэм ятеущІыхьауэ*);
- менеджментымкіэ (*ІэнатІэ щхьэхуэхэм ятеущІыхьауэ*).

Ди адресыр: КъБР, Налшык кьалэ, Кулиев Къ. и уэрам, 9.

Сайтхэр: Белгород дэт университетым - www.burk.ru.
Налшык дэт къудамэм - www.kbrburk.narod.ru.

Телефонхэр: 40-74-09, 47-75-21.

Иджырей «кОндидатхэр»

● Гукъеуэ

Ильэс тІощІырыпщІ хуэдэкІэ уэрЗэбжьыжмэ, зи бын еджапІэ нэхъыщхьэ щеджэм щІыхьэ екъуапсэрт, адэ-анэр быным иригушхуэрт. Студентхэм егъэджакІуэфІхэр кьащхьэщыт, хэти щІэныгъэхэм я кандидату, хэти - доктору. ЕджакІуэхэр абыхэм ядэлъфыдэрт, ятепсэлъыхьырт, мобы «Капитал»-р гуэщІ ешІэ, мобы дызэреджэ тхылъыр иткащ, - жаІуэр. Псом хуэмдыдэу студентхэр иригушхуэрт ащ1эущ1ныгъэ1 ахьыр зманхэм я къуажэгъу яхэтмэ.

ГЪАЩІЭ ипэкІэ мэкІуатэ, хабзэщІэхэр кьожьэ, щІыхуэхэм захъуэжьэ... Иджы еджапІэ нэхъыщхьэхэри абыхэм щеджэхэри куэдкІэ нэхьыбэ хъуащ, дэтхэнэри, хуеймэ, е щІэкІэ е пщІэкІэ вузхэм щІотІысхьэф. «Унэхьуащ абы си бын иригъэджэнухэр», «Алыхьым апхуэдэ дохутыр сыпэщІимыгъахуэкІэ», «Уэрей хозяйствэ тхъэмыщІэмэ апхуэдэ агроном зыхуэжьыгъуэжьыр» зыхуажІэ мымащІэу яхэтщ иджырей студентхэм. Ар уи жагъуэ мыхъуу кьанэркъым. Езыгъаджэхэр-щэ?! Ахэр зэщхькъым.

Хабзэ зэрыхьуащи, школ блынхэм фІадзэ абыхэм щеджауэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ щІрыІуэ хъуахэм я суРэтхэр. Ахэращ зэрыгушхуэ хьун апхуэдэ цІыху щэджащэхэм я суРэт зэхэтхъэрэ пэт, ІуэрыІуэтэжу зэзыдох, мопхуэдэ-мыпхуэдэхэри щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ, жаІуэ. «Фи фІэщу жьыфІэрэ? Пэжынкъым ар», зыхуэжьтІа гуэрхэм дабгъэдыхьащ. Фі ЭщІыгъуейт, ауэ тхылъ яІэт. Зы лъэныкъуэкІи, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэхь къыкъуэкІащ, жьапІэу уроГушхуэ. Ауэ, хІэлъыпІлъыжьмэ, еу-уей, тхьэмыщкІэ, сыт мыгъуэр уи кандидат уэ хуэжьпІэну апхуэдэщ.

Ар жозыгъэІэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ мыр. «КХъыІэ, уэ езым тхыт уи Іэнатіэр, къулыкъур, званиер», - жысІэри тхылымпІэ естат. Абы итхам иУмыпІпІэ жьыуиІэрат: «...кОндидат ...еских ...нОуК».

Зыгуэрым жиІэнкІэ хъунщ: «ЩыуагъэшпІэу тхэнракъым, псом япэр абы и Іэщ1агъэмкІэ бгъэдэль щІэныгъэрщ». Фи фІэщ быдэу фщІы, ахэр зищІысыр и лэжьэгъуэхэм, и кьуажэгъуэхэм фІы дыдэу ящІэкІэ.

Напэ, щыхугъэ, уэзышІагъэ кьищынэмыщІа псори къэпщэху щыхуэ зэману щытми, апхуэдэ дыдэу уи напэр щІэж хъурэ?! Пэжщ, званием и хьэтыркІэ кьудыкъури улахуэри докІуэтей, ауэ... Ауэ хэхъуэркъым апхуэдэхэм я Іэзагъэм, мэкІуэщІыр кьэрал ахъшэр.

Ми тхыгъэм кьеджэмэ а «щІэныгъэлІхэм» зыкъащІыхуэжьну пІэрэ? ПІэрэт, ауэ ахэр гъэт еджэу фІэщ-щыгъуейщ. Ауэ, кьеджэрэ, зыкьащІэжамэ нэхъыфІт, «прафессор» мыхъу щыкІэ.

МЫЗ Алинэ, *егъэджакІуэ.*

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ХъэфІыщІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖЫлаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зарифэ, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хъэжькъаро Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и щІыпІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - ещанэ нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суРэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр эзтехуэ зиныту щытекІым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрикъкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы щІыпІэм газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа революцэм и щІэр зэзыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору ЖЪэкІмыхъу Маринэ, корректорхэу ПхытІыкІ Юрэ *(1, 2, 5-нэ нап.)* Щоджэн Заирэ *(3, 4, 6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІыныкъуэхэу Нуэн Заирэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *суРэтыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1610